

Kominike pou laprès

1^e Sektanm 2020

Ayiti : 4 milyon moun nan ensekirite alimentè epi yo bezwen èd prese-prese kont grangou.

Pri manje k ap moute, tibilans sosyal ak politik, entèdiksyon pou sikile libelibè akoz kowonaviris, mete sou sa pasaj tanpèt twopikal Lora vin agrave pwoblèm grangou ak pwoblèm mal manje ann Ayiti nan lane 2020 an . Tout bagay sa yo fè CNSA atire atansyon otorite yo sou sitiyasyon sa a. Chif analiz tounèf ki fèt nan mwa dawout la montre ke 4 milyon moun nan ensekirite alimentè pou moman e yo bezwen èd prese prese kont grangou. Se yon bagay ki enkyetan se 4 fanmi sou chak 10 ki nesese asistans imanitè.

Dènye chif sa yo soti nan analiz IPC ke CNSA te fè nan tèt kole avèk 15 enstitisyon patnè nasyonal ak entènasyonal. Analiz la te baze sou yon ansanm enfòmasyon ke CNSA te kolekte sou teren nan tout peyi a ak patnè li yo nan mwa jen 2020 sou sekirite alimentè, ak aktivite moun yo fè pou yo kapab viv ansanm ak lot enfòmasyon lot aktè te kolekle.

Enfòmasyon ki soti nan analiz ki sot fèt la montre aklè sitiyasyon an te gen tan agrave depi dènye analiz IPC ki te fèt nan mwa oktòb 2019 la, kote kantite moun yo te jwenn k ap viv nan grangou e ki te nesese èd (IPC faz 3 e plis) ogmante soti nan 35% pou rive nan 42% popilasyon an.

Lagonav, Nòdwès, yon pati Sidès, zòn Sou Kòt depatman Sid yo ak Site Solèy.

se kote pwoblèm ensekirite alimentè a pi rès.

Espesyalis yo kwè sitiyasyon an kapab dejenere pi plis toujou soti nan mwa mas pou rive mwa jen 2021 k ap vini an. Kantite moun ki nan ensekirite alimentè pral ogmante soti nan 42% pou rive nan 46%, sa vle di ant 4 milyon ak 4.4 milyon, akoz ratman manje, echèk kanpay agrikòl prentan 2020 an, lavi chè, manifestasyon ak lot tibilans sosyo-politik ak konsekans tanpèt twopikal Lora a pou kèk zòn.

Sitiyasyon malouk sa a mande pou kèk aksyon prese prese ta rive fèt pou soulaje fanmi ki pi pòv yo ak fanmi pwoblèm grangou a plis konsène. Li enpòtan tou pou aksyon k ap fèt nan ijans ale nan menm sans ak aksyon devlopman yo pou rezilta yo ka dire lontan .

